

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoé, basa jadi pakakas komunikasi anu utama. Minangka pakakas komunikasi, basa bakal tuluy mekar luyu jeung beuki legana ambahan kahirupan manusa. Ku kituna, basa téh minangka sistem lambang sora anu arbitrér sarta dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénsional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi manusa (Sudaryat, 2014, kc. 13).

Ku ayana basa, panyatur bisa ngalaksanakeun prosés komunikasi, boh lisan boh tulisan. Ku ayana prosés komunikasi, panyatur bisa nepikeun informasi atawa maksud ka pamiarsa saluyu jeung kabutuhanana. Ieu hal téh kaasup kana fungsi basa nyaéta pikeun nepikeun maksud jeung tujuan, kalayan ngedalkeun gagasan, rasa, ogé pikiran, boh sacara lisan boh sacara tulisan. Kompléksna komunikasi anu dilaksanakeun tangtu ngalegaan kana varian basa anu digunakeun, nu matak basa mah boga sipat rinéka, midunya, arbitrér, mijalma, jsté. (Sudaryat, 2014, kc. 14).

Tina sakitu réana kosa kecap anu digunakeun dina hiji basa, boh lisan boh tulisan, tuluy baé dipasing-pasing dumasar kana katégori atawa warna kecapna, saperti kecap pagawéan, barang, sipat, jst. Anu leuwih jauhna bisa ditingali sacara struktur morfologis jeung sintaksisna dina tataran kalimah. Dina basa Sunda, muncul sababaraha kosa kecap anu has, saperti ayana kekecapan anu husus dipaké dina hiji kagiatan (ritual, pagawéan, kabiasaan, jsb.), kekecapan anu husus larap ka wanoja, jeung sajabana ti éta.

Hiji basa téh salian ti katingali langsung dina komunikasi sapopoé masarakat tuturna, tapi ogé bakal katingali tina sastrana, lantaran sastra téh minangka eunteung jeung kristalisasi tina kahirupan anu diékspresikeun ngagunakeun basa dina wangun carita. Sakumaha nurutkeun Suprpto jeung HS (2018, kc. 3), yén karya sastra téh mangrupa wujudiah tina fakta, peristiwa, jeung imajinasi di masarakat anu boga ajén positif pikeun manusa sarta minangka eunteung jeung

maniféstasi tina kahirupan masarakat ngaliwatan basa. Pon kitu deui nurutkeun Isnendes & Firmansyah (2013, kc. 85), yén dina karya sastra téh aya aktualisasi masarakat ngaliwatan modél-modél masarakat anu kabeungkeut ku fiksionalitas, tapi tetep némbongkeun fakta anu universal, lantaran sastra minangka produk kabudayaan anu jadi wadah ilustrasi kahirupan sosial (Isnendes, 2010, kc. 111). Ku kituna, basa anu nyampak dina karya sastra téh bisa jadi gambaran tina kahirupan basa di masarakat panyaturna.

Nyawang sastra minangka salasihiji kristalisasi basa, ku kituna novel jadi salasihiji média pikeun komunikasi masarakat ngaliwatan karya anu unik jeung dinamik. Ku kituna, ogé novel téh bisa dikatégorikeun minangka komunikasi non lisan alias tulisan ngaliwatan carita nu ditulis (Salleh, spk., 2020, kc. 46). Dina sastra, wanoja remen dirépréséntasikeun rupa-rupa. Nurutkeun Putri, spk. (2024, kc. 2451), yén citra wanoja dina karya sastra téh bisa némbongkeun dinamika kahirupan wanoja dina kahirupan sapopoé. Ku kituna, léksikon anu patali jeung wanoja anu digunakeun dina sastra bisa jadi eunteung persépsi sosial anu bisa jadi stéréotipikal atawa progrésif, lantaran kekecapan atawa léksikon téh mangrupa wangun basa anu boga ma'na (Salleh, spk., 2020, kc. 47) anu éta léksikon-léksikon téh minangka éksprési jeung konsépsi masarakat kana género (Ravshanovna, spk., 2024, kc. 166). Saupama hiji kecap boga ma'na, hartina unggal kecap anu aya téh bisa ngagambarkeun kaayaan hiji masarakat tutur. Kitu ogé saupama urang manggih kosa kecap anu has dilarapkeun pikeun wanoja dina basa Sunda, tangtu bisa némbongkeun konsép género di masarakat Sunda. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan téh bisa jadi salasihiji cara urang paham yén basa téh lain waé ngaréfléksikeun réalitas sosial, tapi ogé ngawangun jeung nguatan pamahaman ngeunaan idéntitas género. Éta hal lantaran stéréotip género anu muncul di masarakat téh balukar tina konsép-konsép anu diwangun sacara turun-tumurun dina kagiatan atawa strata sosial. Sakumaha nurutkeun Eckert & Sally (2013, kc. 41), yén pamahaman género téh robah ti nu asalna patali jeung wanda baga jadi patali jeung kamampuh, hak, produktivitas wanoja jeung lalaki dina kahirupan sapopoé anu antukna ngarobah stéréotip di masarakat ngeunaan género.

Léksikon génder téh nyoko kana wanda baga awéwé jeung lalaki. Ngaliwatan léksikon génder urang bisa nyaho jeung paham kana kompléksna basa dina ngaréfléksikeun jeung ngawangun sikep, persépsi, jeung dinamika kakawasaan masarakat nu patali jeung génder. Anu satuluyna patalina basa jeung génder téh bakal ngawangun pola jeung dinamika linguistik pikeun mromosikeun kasatataan génder, ngarempak stéréotip, jeung ngarojong prakték-prakték basa nu leuwih inklusif jeung *berdaya* (Nazarova & Jolibekova, 2024, kc. 285). Ieu léksikon génder muncul balukar munculna paham jeung gerakan féminisme dina abad ka-18 di Éropah (Inggris jeung Perancis) ku Mary Wollstonecraft jeung Olympe de Gouges (Heriyanti, spk., 2025, kc. 430), anu satuluyna sumebar ka Indonésia. Gerakan féminisme lain waé dilakukeun dina kagiatan aksi, tapi ogé sumarambah kana wangun tinulis, boh dina surat kabar boh artikel populér atawa dina karya sastra.

Dina karya sastra, féminisme ngawujud dina galur caritana anu ngangkat téma perkara perjuangan wanoja atawa ngeunaan kateuadilan ka wanoja, anu sacara umum biasana tokoh atawa puseur sawanganana wanoja. Sakumaha nurutkeun Isnendes (2004), ari wanoja dina karya sastra Sunda téh nyaéta wanoja nu jadi tokoh dina karya sastra Sunda. Hartina yén wanoja minangka tokoh dina karya sastra téh salasihiji tina wujudiah féminisme. Dina karya sastra, aspék-aspék kawanojaan muncul dina rupa-rupa konflik anu dicaritakeun, pamikiran wanoja, jsb. anu bisa jadi éta téh mangrupa tarékah wanoja sangkan pamaca (boh lalaki boh awéwé) sadar kana ayana *kesetaraan gender* atawa féminisme. Ieu téh luyu jeung pamadegan Putri, spk. (2024, kc. 2452), yén tokoh wanoja dina karya sastra téh lain waé minangka karakter carita, tapi ogé minangka simbol tina ajén-ajén perjuangan jeung aspirasi wanoja di masarakat. Ari nurutkeun Isnendes (2017, 43), tokoh wanoja téh lain waé ngaréfléksikeun dirina sorangan, tapi ogé ngaréfléksikeun rasa, pamikiran, budaya nu nyampak mangsa harita, jeung jawaban-jawaban tina masalah anu disanghareupan ku wanoja. Ku kituna, wanoja dina karya sastra sok digambarkeun jadi tokoh nu dinamis jeung multifasét dina nyanghareupan kahirupan, minangka navigasi jeung négosiasi idéntitas wanoja dina aspék sosial.

Anapon tina sakitu réana novel basa Sunda, novel anu dipilih dina ieu panalungtikan téh nyaéta nyaéta *Pipisahan* karya RAF (Rahmatullah Ading Afandi), *Puputon* karya Aam Amilia, jeung *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.E., anu dipilih sacara acak tur dirasa istilah-istilah kawanojaanana leuwih kuat. Lian ti kitu, éta tilu novel ditulis ku para pangarang anu kasohor, anu boga ciri hasna séwang-séwangan dina gaya tulisanana. Novel *Pipisahan* karya RAF némbongkeun konflik batin wanoja jeung konflik kahirupan rumah tangga anu jelas di masarakat, carita anu dipidangkeun bisa jadi carita pangalaman indungna sorangan diguluyurkeun dina sisi wanoja anu kacida lemesna, bisa jadi némbongkeun sisi léksikon kawanojaan anu hadé di sisi lalaki. Ari novel *Puputon* karya Aam Amilia minangka sastrawati Sunda anu kasohor ku basana nu puitis, psikologis jeung émosional, némbongkeun kumaha panulis mihakna ka wanoja dina harti *ngaberdayakeun* wanoja. Lian ti kitu, ieu novel téh némbongkeun kritik sosial anu lemes kana patriarki jeung hak wanoja anu euyeub ku ajén moral. Ku kituna, ieu novel téh dipiharep némbongkeun léksikon kawanojaan anu hadé. Novel *Kembang-Kembang Petingan* minangka stigma négatif wanoja ku Holisoh M.E. diguar kalayan ngangkat sisi wanoja anu paling jero, ieu novel ditulis ngaliwatan studi lapangan ku anjeun⁷. Ku kituna, dipiharep bisa némbongkeun léksikon-léksikon kawanojaan luyu jeung kaayaan wanoja dina sisi lain anu leuwih ékstrim dina stigma négatifna. Salian ti éta, ieu novel téh kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 2003, ku kituna ajén caritana geus bisa dipertanggungjawabkeun.

Ngaliwatan kajian struktural jeung sémantik, dipiharep bisa katingali kumaha léksikon jeung istilah dina éta novel téh bisa ngaréfléksikeun persépsi, stéréotip, jeung harepan anu disanghareupan wanoja Sunda anu dikristalisasikeun dina sastra. Ieu panalungtikan ogé dipiharep némbongkeun pola-pola nu patali jeung peran ogé posisi wanoja dina unggal novel luyu jeung karakter novelna. Lantaran, novel-novel Sunda anu baris ditalungtik némbongkeun dinamika kahirupan

⁷ Informasi ti Prof. Dr. Retty Isnendes, S.Pd., M.Hum., dosén mata kuliah sastra di Prodi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda UPI.

wanoja anu béda tina répréséntasi tradisional, anu biasana patriarki nepi ka répréséntasi modéren jeung égalitér.

Ari kosa kecap anu muncul minangka gambaran pikeun wanoja téh bisa ngawujud boh dina kecap salancar boh kecap salancar jembar, atawa dina kecap kantétan. Éta konsép téh bisa kapaluruh sacara harti léksikal atawa sacara harti kamusna ku cara nyurahan leuwih teleb deui ngaliwatan pendéskripsian analitis. Satuluyna, urang bisa niténan kumaha konsép-konsép dina ngagunakeun éta kecap kawanojaan téh dumasar kana ulikan struktural jeung sémantik. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan anu leuwih jero ngeunaan léksikon kawanojaan hususna dina basa Sunda, lantaran undakan basa dina basa Sunda leuwih réa ti batan basa Indonésia. Ulikan struktural jeung sémantik nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan minangka tarékah pikeun némbongkeun struktur jeung harti tina kosa kecap kawanojaan dina basa Sunda.

Panalungtikan saméméhna anu patali jeung léksikon téh kawilang réa, boh nu larap dina karya sastra boh dina Al-quran, atawa iklan, jrrd., saperti anu dilaksanakeun ku Salleh, spk. (2020), nganalisis harti léksikal dina novel *Sangkar* anu museur kana wangun harti léksikalna, Affandi & Suud (2016), ngabahas ngeunaan harti léksikal jeung historikal antara kecap ‘takwa’ jeung ‘sieun’ dumasar kana Al-Quran, ari Ibnu (2018) ngabahas léksikon budaya dina buku *Tatarucingan* karya Henry Guntur Tarigan jeung Undang Misdan. Hadiyanyah (2016) nalungtik rupa-rupa léksikon kadaharan has Sunda anu aya di kabupatén Kuningan kalawan wangun anu rupa-rupa, aya nu wangun kecap salancar, salancar jembar, rékaan, kantétan jeung sajabana. Anapon Dewi, spk. (2024) mah nalungtik léksikon flora jeung fauna nu aya dina kakawihan Sunda kalayan hasil yén léksikon flora jeung fauna nu aya dina kakawihan Sunda téh réréana ngagunakeun wangun salancar tur kaasup nomina atawa kecap barang.

Sanajan panalungtikan ngeunaan léksikon téh geus kungsi dilaksanakeun, tapi panalungtikan léksikon kawanojaan dina novel basa Sunda mah can dilaksanakeun. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta yén dina ieu panalungtikan mah maluruh kana léksikon kawanojaan dina novel basa Sunda, tuluy dianalisis wanda léksikon, warna

léksikon, jeung harti léksikalna, kitu deui saupama aya basa deungeun anu digunakeun, tetep dianalisis sakumaha mistina dina basa Sunda. Ieu panalungtikan anu judulna “*Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda (Ulikan Struktural jeung Sémantik)*” téh perlu dilaksanakeun pikeun ngajembaran pangaweuh paélman linguistik, hususna linguistik basa Sunda.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, ieu panalungtikan téh baris medar “*Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda (Ulikan Struktural jeung Sémantik)*”. Anu dina ieu panalungtikan baris nyoko kana kekecapan anu has dilarapkeun ka wanoja nu aya dina novel Sunda ngagunakeun ulikan struktural anu ngawengku wangun jeung warna kecap, léksikosémantik nu ngawengku léksikal jeung harti sémantisna. Ku kituna, watesan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta

- 1) léksikon minangka sajumlahing kecap nu aya dina basa;
- 2) ayana wangun kekecapan anu patali jeung kawanojaan atawa ilahar dilarapkeun ka wanoja;
- 3) larapna léksikon kawanojaan téh lain wungkul dina paguneman sapopoé, tapi ogé nyampak dina karya sastra novel Sunda; jeung
- 4) léksikon kawanojaan nu nyampak dina novel Sunda téh boga harti léksikal nu tangtu.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah jeung kasang tukang di luhur, sangkan gampang maluruh kana masalah-masalah dina ieu panalungtikan, ieu di handap dirumuskeun sababaraha kalimah pananya.

- 1) Léksikon kawanojaan naon waé nu aya dina novel basa Sunda?
- 2) Kumaha struktur léksikon kawanojaan dina novel Sunda?
- 3) Kumaha wanda léksikon kawanojaan dina novel Sunda?
- 4) Kumaha harti léksikal kawanojaan dina novel Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu baris dipedar, ieu panalungtikan boga tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan boga tujuan pikeun maluruh tur ngadéskripsikeun léksikon kawanojaan nu nyampak dina novel Sunda. Ku kituna, dipiharep bisa kapaluruh struktur, harti léksikal jeung sémantisna tina léksikon-léksikon kawanojaan anu kapanggih ngaliwatan ulikan struktural jeung sémantik.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun opat hal nu patali jeung léksikon kawanojaan dina novel basa Sunda, nyaéta

- 1) kandaga kecap atawa léksikon kawanojaan nu aya dina novel basa Sunda;
- 2) struktur léksikon kawanojaan dina novel Sunda;
- 3) wanda léksikon kawanojaan dina novel Sunda; jeung
- 4) harti léksikal kawanojaan dina novel Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh kabagi jadi dua, aya nu sipatna tioritis jeung sipatna praktis, sakumaha ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan pangaweruh urang ngeunaan warna léksikon anu aya dina basa Sunda hususna pikeun élmu léksikologi jeung élmu basa.

- 1) Pikeun léksikologi dipiharep ieu panalungtikan bisa dipaké sumber mekarkeun kabeungharan kecap, hususna dina nataan kecap nu has larap pikeun wanoja;
- 2) Pikeun élmu basa dipiharep ieu panalungtikan bisa dipaké sumber kaédah kabasaan, hususna tatabasa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaaat pikeun panalungtik, guru, siswa, jeung nu maca.

- 1) Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan pola struktur atawa wangun jeung ma'na léksikosémantis kosa kecap kawanojaan dina basa Sunda.
- 2) Pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina ngajarkeun kosa kecap basa Sunda.
- 3) Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh bisa mantuan siswa dina maham kosa kecap basa Sunda.
- 4) Pikeun nu maca, hasil panalungtikan bisa méré wawaran ngeunaan kosa kecap dina basa Sunda anu has dilarapkeun ka wanoja.

1.5 Ambahan Tulisan

Ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan léksikon kawanojaan tina novel-novel Sunda. Aya tilu novel anu dijadikeun sumber data, nyaéta *Pipisahan* karya RAF (Rahmatullah Ading Afandi), *Puputon* karya Aam Amilia, jeung *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.E. Tina éta novel dijaring léksikon kawanojaan anu dianalisis tina jihat struktur, wanda, jeung hartina. Hasil tina ieu panalungtikan dipidangkeun dina laporan nu mangrupa tésis. Eusina ngawengku genep bab.

Bab I Bubuka. Ieu bab eusina medar ngeunaan kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung ambahan tulisan.

Bab II Tilikan Pustaka. Ieu bab eusina medar ngeunaan tilikan pustaka jeung panalungtikan saméméhna. Eusina medar tiori anu dijadikeun tatapakan pikeun nganalisis objék anu ditalungtik dumasar kana rupa-rupa sumber rujukan tina buku, jurnal, jeung bahan bacaan séjénna. Tiori anu dipedar téh ngawengku tiori ngeunaan warna kecap, wanda kecap, jeung wangun kecap, kaasup tiori sémantik. Ari ulikan panalungtikan saméméhna medar ngeunaan ulikan-ulikan léksikon anu

kungsi dilaksanakeun saméméhna, jeung diagram kalungguhan tiori dina panalungtikan.

Bab III Padika Panalungtikan. Ieu bab eusina medar ngeunaan rarancang panalungtikan, kaasup pamarekan jeung padika panalungtikan, nangtukeun data jeung sumber data, pakakas panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan. Ieu bab eusina medar rupa-rupa pamanggih tina panalungtikan dina wangun data jeung tabél ngeunaan léksikon kawanojaan dina novel Sunda luyu jeung data anu kapaluruh.

Bab V Pedaran. Ieu bab eusina medar hasil panalungtikan ngeunaan kasaluyuan antara tiori jeung fakta anu kapanggih dina panalungtikan, sarta dipidangkeun papanggihan anyar tina panalungtikan.

Bab VI Kacindekan jeung Saran. Ieu bab eusina medar ngeunaan jawaban tina daftar pananya dina rumusan masalah. Ari saran nyaéta anu ditujukeun pikeun nu nyieun kawijakan, nu ngagunakeun atawa nu maca panalungtikan, sarta ka para panalungtikan séjénna. Anu eusina ogé ngajelaskeun implikasi jeung rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna atawa aplikasi praktis tina hasil panalungtikan.